DEPARTMENT OF EXTENDED LEARNING

EDUCATE
AFFIRM
INSPIRE

The School District
of Palm Beach County

PWOGRAM GADRI APRE LEKÒL NAN LEKÒL MWAYEN

MANYÈL PARAN/RESPONSAB LEGAL FY27

Department of Extended Learning
Pwogram Gadri Apre Lekòl nan Lekòl Mwayen (*MSAS*)
Manyèl Paran/Responsab legal FY27

FILOZOFI APRANTISAJ PWOLONJE

Objektif Depatman *Extended Learning* nan se fasilite opòtinite pou bonjan pwogram gadri apre lekòl ki satisfè bezwen fondamantal tout elèv yo pandan lè gadri apre lekòl. Li enpòtan anpil pou elèv yo genyen aksè ak meyè opòtinite posib pou devlope pou vini adilt ki an sante, byen adapte epi responsab.

ORÈ PWOGRAM GADRI APRE LEKÒL

Pwogram gadri apre lekòl nan Lekòl Mwayen se yon bonjan pwogram anrichisman nan yon anviwònman ki san danje, ki ofri aktivite akademik ak aktivite espesyal ki pwograme epi ki pa kapab akomode sèvis pou timoun ki vini san randevou detanzantan.
Elèv yo dwe enskri epi yo dwe peye frè dapre orè peman frè pou nenpòt nan pwogram sa yo:

- Pwogram nan maten (Lendi jiska Vandredi, 7:00 - 9:00 AM) (orè varye)
- Pwogram Aprè Lekòl (Lendi jiska Jedi, 4:00 - 6:00 PM) (orè varye)
- Pwogram Jadendanfan rive 8^{yèm} ane (2:00 - 6:00 PM) (orè varye)

ENSKRIPSYON

Tout paran/Responsab legal dwe soumèt yon demann **kontra 2026–2027 ELEYO** pou pitit yo kapab patisipe nan Pwogram Gadri Aprè Lekòl nan Lekòl Mwayen an. Yonfwa yo soumèt demann lan:

- Kontra a antre nan yon etap ***pending staff approval (ap tann apwobasyon estaf)***
- Fanmi yo ap resevwa yon avi nan imèl ki konfime yo te soumèt demann lan.
- Yo egzamine demann yo **nan lòd yo resevwa yo**.

Yon elèv pa kapab patisipe nan Pwogram Gadri aprè lekòl nan Lekòl Mwayen an oswa rete anba sipèvizyon estaf MSAS yo jiskaske enskripsyon an konplete.

- Elèv yo kapab patisipe sèlman nan pwogram gadri apre lekòl la nan lekòl kote yo enskri kounye a oswa nan lekòl ki nan zòn lakay yo.
- Paran/responsab legal yo **pa kapab transpòte elèv yo nan yon lòt lekòl pou sèvis aktivite gadri apre lekòl** sof si pwogram nan se nan lekòl ki nan zòn lakay elèv la.
- Se sèlman elèv ki ofisyèlman enskri nan Pwogram Gadri aprè lekòl nan Lekòl Mwayen an ki kapab patisipe nan aktivite gadri aprè lekòl, sof si aktivite a se yon pwogram pou tout moun lekòl la oswa yon vandè ki lwe bilding nan ap fè. (Gade Pwogram pou tout moun yo pou plis enfòmasyon.)
- **Elèv yo pa kapab enskri nan okenn pwogram gadri apre lekòl si yo dwe yon balans frè nan Distri a.**

FRÈ ENSKRIPSYON

Anplis yon kontra ki apwouve, yo egzije yon frè $35.00 enskripsyon yon sèl fwa ki pa ranbousab pou chak elèv. Frè sa a valab pou tout ane lekòl la epi li garanti plas elèv la nan pwogram nan.
Yo dwe peye tout frè gadri apre lekòl sou entènèt sèlman nan *ELEYO*.

KONDISYON YO:

- Frè enskripsyon $35.00 la pou pwogram gadri maten ak pwogram gadri apre lekòl la pa ranbousab apre premye jou lekòl la; sepandan, yo kapab transfere li nan yon lòt pwogram gadri apre lekòl nan Distri a.
- Yo kapab pa aksepte frè enskripsyon an pou elèv ki genyen kontra annatant nan *ELEYO*.

- Yon fanmi ki deja peye yon frè enskripsyon pa oblije peye yon frè adisyonèl si elèv la transfere nan yon lòt lekòl pandan ane lekòl la.
- Yo enskri aplikan yo sou baz premye ki rive se premye y ap sèvi, daprè plas ak estaf ki disponib.
- Elèv yo **PA KAPAB** enskri nan okenn pwogram gadri apre lekòl si yo dwe yon balans frè nan Distri a.

EGZIJANS PEMAN YO

- Yo kalkile frè yo sou baz $3.70 pa èdtan.
- Yo dwe peye tout frè pou tout mwa a; **YO PA KAPAB PEYE FRÈ YO POU LÈ OSWA POU JOU YO PATISIPE.**
- **Yo dwe peye frè pou mwa a nan premye jou chak mwa.**
- Yo dwe peye avan yo pran sèvis la.
- Yo dwe peye tout frè gadri apre lekòl yo nan entènèt nan *ELEYO.*
- P ap genyen okenn ajisteman pou absans elèv.
- P ap genyen okenn ranbousman sof si yo revize epi apwouve sikonstans espesyal yo .
- Yo pa kapab peye frè gadri apre lekòl nan direksyon lekòl la oswa bay pwofesè yo.
- Nenpòt peman lajan kach oswa *money order*, egzije pou yo bay yon resi imedyatman.

RETIRE (yon patisipan) AK RAMBOUSMAN

Paran/responsab legal yo dwe avize direktè (tris) pwogram gadri apre lekòl nan lekòl mwayen **alekri omwen de (2) semèn alavans avan yo retire elèv la** pou yo kapab resevwa yon ranbousman.
Yo p ap akòde demann ranbousman ki soumèt san avi alekri de (2) semèn yo egzije a.

REGLEMAN SOU PEMAN KI PA FÈT.

Si yon elèv enskri kounye a nan pwogram gadri apre lekòl la epi paran/responsab legal la pa fè peman yo egzije a pou mwa k ap vini an, y ap anile sèvis elèv la nan pwogram nan jiskaske yo resevwa peman an. Pa pral genyen okenn ajisteman nan frè yo si yo sispann sèvis la poutèt peman ki pa fèt.

REGLEMAN EGZANPSYON POU FRÈ PEMAN

Paran/responsab legal yo dwe avize direktè (tris) pwogram gadri apre lekòl la si pitit yo kalifye pou yon **egzanpsyon konplè pou frè nan moman yo soumèt demann kontra a nan *ELEYO*.** Nan soumèt dokiman ki akseptab anvan kontra a apwouve nan ELEYO, asire yo mete kondisyon patisipan gratis oswa a pri redui ajou ($0.00).

DOKIMANTASYON AKSEPTAB

Dokimantasyon an kapab genyen ladan, men li pa limite ak:

- Verifikasyon kalifikasyon pou Manje Gratis oswa a Pri Redwi nan Sèvis Manje Lekòl.
- Prèv kalifikasyon pou *Medicaid*
- Prèv patisipasyon nan *SNAP* (Pwogram Asistans Nitrisyonèl Siplemantè)
- Prèv patisipasyon nan *TANF* (Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Bezwen)

DAT AJISTEMAN ANTRE ANVIGÈ

- **Yo dwe soumèt tout dokiman anvan yo apwouve kontra a nan ELEYO pou asire yo mete ajou ($0.00) kondisyon patisipan gratis oswa a pri redui.**
- Ajisteman an ap antre anvigè apati mwa yo bay dokiman yo epi Direktè (tris) *MSAS* la te revize yo.

REGLEMAN POU PEMAN ANRETA

Si w pa fè peman nan oswa anvan dat delè ki endike nan Orè pou Peman Frè MSAS la, sa pral lakòz yon ***frè $15.00 pou peman an reta pa mwa***. Yo pral voye yon fakti tout frè peman anreta epi yo dwe peye nan ELEYO.

- **Si yo pa fè peman, yo pral sispann oswa anile sèvis gadri apre lekòl yo.**
- Pou timoun (yo) kapab retounen nan pwogram nan, kont fanmi an dwe ajou, ki genyen ladan peman tout frè ekolaj ki anreta ak tout frè peman anreta.
- **Pap genyen okenn repatisyon nan frè pou jou yo rate akòz yo te sispann sèvis paske yo pa te peye.**

REGLEMAN FRÈ POU VIN CHÈCHE ELÈV ANRETA

Y ap chaje yon frè $1.00 pa minit pou chak minit yon paran/responsab legal vin chache elèv anreta. Yo pral voye yon fakti pou tout frè peman anreta epi yo dwe peye nan ELEYO. Reta repete nan vin cheche yon elèv kapab koze yo mete elèv la deyò nan pwogram nan.

Gid:

- **Y ap bay egzanpsyon pou premye frè peman pou reta pa fanmi pou chak ane fiskal jiska kenz (15) minit**. Fanmi yo responsab pou tout frè ki fèt apre premye kenz minit premye reta a.
- Yo ankouraje paran/responsab legal yo pou vin chèche pitit yo alè. **Si yo kontinye vin chèche yo anreta, kapab lakoz yo sispann sèvis apre lekòl yo.**

PWOSESIS POU RANVWA/ VIN PRAN ELÈV

- Tout elèv dwe prezante nan gadri apre lekòl la imedyatman lè lekòl lage.
- Yo pran prezans epi yo soumèt li bay biwo gadri apre lekòl la nan premye kenz minit pwogram nan.
- Elèv ki absan pandan jounen lekòl la toujou kapab vini nan pwogram gadri apre lekòl la, depi yo an sante epi yon paran/ responsab te siyen pou yo nan pwogram nan.
- **Se sèlman moun ki otorize jan sa endike nan Eleyo ki kapab vin cheche timoun nan**. Pou rezon sekirite, apèl telefonik paran/responsab legal yo pa sifi pou kite elèv ale lakay. Moun yo otorize dwe genyen 18 an oswa plis epi yo dwe genyen yon kat Idantifikasyon valid ak foto pou yo montre chak jou estaf gadri apre lekòl nan moman y ap remèt li elèv la.
- **Amwenske genyen yon dokiman espesifik Eta Florid ki dekri dwa ak responsablite legal paran (okenn lòt eta pa valid) nan dosye pwogram gadri apre lekòl la, yo genyen dwa remèt yon elèv bay paran/responsab legal ki pa nan dokiman legal la si non li nan lis ki nan fòm enskripsyon an. Paran/responsab legal yo responsab pou kenbe enfòmasyon ki konsène moun ki otorize ak dokiman ki dekri dwa ak responsablite legal paran yo ajou.** Yo dwe rezoud pwoblèm dokiman responsablite legal yo deyò lekòl la. Konpòtman inapwopriye moun ki vin chèche yon elèv, enkli menas, langaj ostil, ap lakoz paran/responsab legal yo pou fè lòt aranjman pou vin chèche elèv la, oswa y ap sispann sèvis gadri apre lekòl yo pou pitit yo. Paran/ Responsab legal/Moun ki Otorize dwe vini lekòl la epi itilize aplikasyon prezans *Eleyo* a pou siyen non legal konplè yo. Yo anrejistre nan *Eleyo* dat ak lè pou vin chèche.

REGLEMAN POU KONPÒTMAN

Yo ankouraje elèv yo pou fè chwa ki responsab epi yo rekonpanse yo pou konpòtman ki apwopriye. Desizyon elèv yo pran ki pa apwopriye ap lakoz konsekans. Objektif la se pou fòme elèv responsab ki genyen kapasite pou yo chwazi pi bon konpòtman an. Ofans ki grav kapab lakoz yo fè yon Rapò pou Konpòtman nan pwogram Gadri Apre Lekòl. Twa Rapò pou Konpòtman nan Pwogram Gadri Apre Lekòl pandan ane lekòl la kapab lakoz sispansyon oswa retire yon elèv nan pwogram nan. Si yon elèv patisipe nan nenpòt konfwontasyon fizik, ak/oswa si yo konsidere li kòm yon danje pou tèt li oswa pou lòt moun, yo pral imedyatman sispann oswa mete elèv la deyò nan pwogram nan. Tout pratik disiplin pou timoun yo fèt dapre laj timoun nan epi yo ann amoni ak Règleman 2.035 ak 5.1812.

SNACK (KOLASYON)

Pwogram kolasyon ki bon pou sante nan *Extended Learning* genyen ladan li yon bwason (lèt, dlo oswa ji 100%) ak omwen de (2) chwa manje ki bon pou sante.

PWOSEDI POU SWEN SANTE

Elèv ki pa kapab rete nan gwoup yo akoz blesi oswa maladi ap rete nan biwo gadri apre lekòl la oswa kote pou yo siyen pou yo. Pwogram sa a swiv direktiv jou lekòl yo nan jere ka ijans yo. Si sa nesesè, estaf ki kalifye bay premye swen minè epi yo avèti paran/responsab yo lè y ap siyen pou vin cheche pitit yo.

Pou maladi oswa blesi grav, biwo pwogram gadri apre lekòl la ap kontakte paran/responsab legal yo imedyatman epi l ap nesesè pou yo vin cheche pitit yo imedyatman. Pou evite blesi, nou atann pou elèv yo respekte kòd abiman lekòl la epi pou yo mete soulye ki fèmen toutan pou sekirite.

- Estaf pwogram gadri apre lekòl yo pa kapab bay okenn fòm medikaman amwenske genyen yon otorizasyon medikal paran/responsab legal la ak doktè a siyen ki nan dosye biwo pwogram gadri apre lekòl la.
- Yo Pap pèmèt elèv genyen okenn medikaman sou yo, eksepste vaporizatè yo preskri pou opresyon, Epi-Pen ak otorizasyon doktè oswa medikaman pou maltèt pou soulaje tèt fè mal pandan yo nan lekòl la oswa nan yon evènman oswa aktivite lekòl la patwone san yon nòt doktè oswa preskripsyon.
- Se Administrasyon Manje ak Medikaman Etazini (FDA) an ki reglemante medikaman san preskripsyon pou trete tèt fè mal.

Yo dwe retire nenpòt timoun, oswa estaf nan pwogram apre lekòl yo sispèk ki genyen grip oswa nenpòt maladi kontajye nan pwogram nan oswa mete li nan yon zòn izolasyon jiskaske yo retire li. Moun sa a pa kapab retounen san otorizasyon medikal, oswa jiskaske siy ak sentòm maladi a pa prezan ankò.

Nimewo telefòn tout moun ki otorize pou vin cheche elèv dwe ajou epi dwe nan dosye nou. Elèv yo dwe suiv direktiv ki nan Regleman Komite Dirijan Lekòl 5.3213 epi nenpòt lòt konsèy ki soti nan Depatman Sante Florid ak Sipèentandan an.

OPEN DOOR POLICY (NOU DISPONIB POU TANDE'W)

Nan fè efò pou nou sèvi fanmi yo pi byen, tanpri, sonje pòt pwogram gadri apre lekòl yo toujou ouvè. Y ap pèmèt paran /responsab legal ki otorize antre nan pwogram nan annakò avèk pwosedi sekirite ki apwopriye yo, pou enkli siyen nan direksyon an epi pou estaf akonpaye yo nan yon zòn ki deziye. Nou konsidere fanmi yo kòm patnè nan pwogram gadri apre lekòl sa a. Paran ki ta renmen pataje talan yo avèk elèv ki nan pwogram gadri apre lekòl la ta dwe kontakte direktè (tris) sit pwogram gadri apre lekòl la.

RESOUS

Direktè (tris) sit pwogram gadri apre lekòl la ap bay plis enfòmasyon espesifik pou pwogram apre lekòl la, tankou:

- Orè frè
- Orè pwogram
- Nimewo telefòn pou biwo gadri apre lekòl ak telefòn selilè si sa aplikab
- Plan evakyasyon andeyò kanpis la nan ka ijans

The Department of Multicultural Education (Haitian Creole) Translation Team certifies that this is a true and faithful translation of the original document. (561) 434-8620 –February 2026 – CY265-1061